ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№144 (24.582) ● 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ ● И уасэр зы тумэнщ ●

КъБР-м и Ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Ӏуэхущ Ӏап Ӏэм къызэритамк Ӏэ



# Гъуэгухэр зыхуей хуагъазэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщӀ Мусуков Алий къулыкъущӀэхэм я пащхьэ кърихьащ республикэм и щӀыналъэхэм щыщыӀэ щытыкӀэр. Къалэхэмрэ районхэмрэ щекӀуэкӀ ухуэныгъэхэр къыипщыта нэужь, КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек ухуэныгъэхэр зи пщэ дэлъхэм къалэн ящищӀащ нэхъ щӀагъэхуабжьэу, и чэзум псори яухын хуейуэ.**

ГУЛЪЫТЭ нэхъыбэ зыхуащӀахэм ящыщщ гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр. КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкӀэ и министр **ДыщэкӀ Аслъэн** жиӀащ мы гъэм зэфӀагъэкӀын хуея псори и кӀэм зэрынагъэсар. Гъуэгу ӀуэхумкӀэ къалэ, район псоми щегъэкӀуэкӀыпхъэ лэжьыгъэхэр зэфӀагъэкӀащ. Километри 130-м асфальтобетон тралъхьащ, гъуэгущӀэу километри 120-рэ яукъуэдиящ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр - Каменномост - Хьэбэз, Лэскэн - Ерокъуэ - Лэскэн ЕтӀуанэ, Налшык къалэ и уэрамхэрщ.

2024 гъэм «ГъуэгуфӀ шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хиубыдэу щӀыналъэ мыхьэнэ зиӀэ гъуэгу километри 100-м щӀигъу зыхуей хуагъэзэжынущ, лъэмыжхэр зэрагъэзэхуэжынущ, уэздыгъэхэр фӀадзэнущ.

2024 гъэм зиужь итынухэм ящыщщ Шэджэм-2 - Булунгу, Май - Заречнэ - Ново-Ивановскэ гъуэгухэр, а щӀыпӀэм телъ лъэмыжыр, Бахъсэн и Бахъсэн уэрамыр, Къубэ-Тэбэ - Къулъкъужын Ипщэ гъуэгур. Налшык щызэрагъэзэхуэнущ Чернышевскэм, Хъураным, Мусукаевым я цӀэр зезыхьэ, Осетинскэ, Балъкъэр, 2-нэ Таман дивизие уэрамхэр. Гъуэгухэм нэмыщӀ, ӀуэхущӀапӀэ екӀуэлӀапӀэхэми асфальт тралъхьэнущ, псалъэм папщӀэ, Кулиев Къайсын и фэеплъ унэу Эльтюбю дэтым узэрыхуэкӀуэм. Апхуэдэуи ухуэныгъэщӀэхэм я Ӏэхэлъахэхэри, псом хуэмыдэу, 2024 гъэм и фокӀадэм зи бжэхэр къызэӀузыхыну курыт еджапӀэхэм уезышалӀэ гъуэгухэр зыхуей хуагъэзэнущ.

ЩӀыналъэ гъуэгухэр иризэрагъэзэхуэн папщӀэ щӀыпӀэ гъуэгу фондым сом мелуан 500 хухихынущ.

КӀуэкӀуэ Казбек щӀыналъэ администрацэхэм я Ӏэтащхьэхэм унафэ яхуищӀащ ямыгъэгувэу гъуэгум ехьэлӀа проектхэмрэ абы текӀуэдэнухэмрэ зэрыт дэфтэрхэр ягъэхьэзырыну.

# Зыри жэуапыншэу къэнакъым

**«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и къудамэу КъБР-м щыӀэм и егъэблэгъапӀэм КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек и щхьэ ӀуэхукӀэ зыкъыхуэзыгъэза цӀыхухэм щаӀущӀащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщӀым псэупӀэ-коммунальнэ дэӀэпыкъуныгъэрэ административнэ ӀуэхукӀэ зыкъыхуигъэзащ дзэ Ӏуэху хэхам хэт зауэлӀым и унагъуэм. Абы зыщӀэлъэӀуар хуащӀэнущ.

ЦӀыху зыбжанэм къаӀэтащ инфраструктурэр зэгъэпэщыным епха Ӏуэху щхьэхуэхэр. Псалъэм папщӀэ, Анзорей щыщхэр уэздыгъэ кӀапсэхэр зэбграшынымкӀэ ядэӀэпыкъуну къелъэӀуащ.

Язынықъуэ Ӏуэхугъуэхэр епхат гъуэгум шынагъуэншэу щызекӀуэным: зэпрыкӀыпӀэхэм кӀэлъыплъыным, республикэм щыщ къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыӀэ цӀыхубэ зэхуэсыпӀэхэр зыхуей хуагъэзэным.

Республикэм и Ӏэтащхьэм лъэӀукӀэ зыкъыщӀыхуагъэза Ӏуэху псори зэфӀагъэкӀын щӀадзакӀэщ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек дыгъэгъазэм 7-м занщӀэу эфирым кӀуэуэ къэпсэлъэнущ, абдеж жэуап щаритынущ республикэм и цӀыхухэр зыщӀэупщӀэхэм.**

# Ӏэтащхьэм фызэреупщӀын фиӀэмэ

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ щӀидзэнущ Москва зэманымкӀэ сыхьэт 16-м. Ар къагъэлъэгъуэнущ «Россия 24», «1КъБР» телеканалхэм, апхуэдэуи фыщедэӀуэфынущ Урысейм и радиом (101.8 FM), КъБР-м и радиом (99,5 FM).

Республикэ УнафэщӀым фызэреупщӀыну упщӀэхэр е видео зыхуэгъэзэныгъэр евгъэхь хъунущ VK социальнэ сетым щиӀэ напэкӀуэцӀым, @Glava07_bot чат-ботым, kokov-online@mail.ru электрон адресым.

Дыгъэгъазэм и 4-м щегъэжьауэ, сыхьэти 9-м щыщӀэдзауэ 18-м нэсыху, фи упщӀэхэр щевгъэтх хъуну телефонхэр лэжьэнущ: (8662)229300, +79287119400. Эфир занщӀэр щекӀуэкӀкӀи номерхэмкӀэ фыпсалъэу фи упщӀэхэмкӀэ зыхуэвгъэзэфынущ.



# ХэхакӀуэхэм яӀуощӀэ

**«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 22-рэ зэрырикъум къыхэкӀыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ егъэблэгъапӀэм дыгъэгъазэм и 1-м къыщыщӀэдзауэ махуи 10-кӀэ цӀыхухэм щаӀущӀэнущ партым и щӀыналъэ къудамэм и унафэщӀхэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкӀэ и Советым хэтхэр, УФ-м и Къэрал Думэм, КъБР-м и Парламентым, щӀыпӀэ унафэр зехьэнымкӀэ ӀэнатӀэхэм я депутатхэр.**

ДЫГЪУАСЭ цӀыхухэм яхуэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ Егоровэ Татьянэ. Республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и унафэщӀым зыхуагъэзэну къекӀуэлӀат Прохладнэ, Бахъсэн, Май районхэм, Налшык къалэм щыщхэр. Абыхэм я лъэӀур теухуат кхъахэ хъуа унэхэм къызэрыщӀагъэӀэпхъукӀ программэм хыхьэн папщӀэ дэфтэрхэр зэрагъэпэщынымкӀэ зыкъыщӀагъэкъуэну. Украинэм щекӀуэкӀ дзэ Ӏуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм щыщхэр щӀэупщӀащ уӀэгъэ хъуам ират ахъшэм, сымаджэщым дэӀэпыкъуныгъэ зэрыщагъуэтым, сабийхэр куратором я нэӀэм щӀэгъэувэным, нэгъуэщӀхэми.

- Республикэм и хабзэубзыху ӀуэхущӀапӀэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуещӀ хэхакӀуэхэм ядэлэжьэным. ЦӀыхухэм дащыӀущӀэ махуэ хэхахэр диӀэщ икӀи ахэр КъБР-м и Парламентым и сайтым къыщыгъэлъэгъуащ. Депутатхэр муниципальнэ районхэми къалэ округхэми цӀыхухэм тхьэмахуэ къэс щаӀуощӀэ, КъБР-м и Парламентым и унэм къедгъэблагъэхэм зы махуэ яхухэтхащ - мэремыр. Апхуэдэ дыдэу адрей партхэри республикэм щыпсэухэм ядолажьэ, - жиӀащ Егоровэм. - Ди хэхакӀуэхэр зыщыгугъыр дэращи, абыхэм я гугъуехьхэр ящхьэщытхынымкӀэ сэбэп дыхъун хуейщ. Къапщтэмэ, зыкъызэрытхуагъазэ псори КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэм щымыщынкӀи хъунщ, ауэ абы щыгъуэми ар зи къалэнхэр ди лъэӀукӀэ абы идогъэлэжь.

ЦӀыхухэм я Ӏуэху зыбжанэ а махуэм занщӀэу зэхагъэкӀащ, язынықъуэхэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀым и нэӀэм щӀэту елэжьыну къигъэгугъащ. ӀэнатӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм я къалэнхэм хыхьэ Ӏуэхухэр зэман гъунэгъум ягъэзэщӀэну я пщэ иралъхьащ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-ӀуэхущӀапӀэ.*

# ЗыгъэпӀейтейхэм хоплъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикым пэщӀэтынымкӀэ и комиссэм хэтхэм я зэӀущӀэ иригъэкӀуэкӀащ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщӀ Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и лӀыкӀуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыӀэм и Аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыӀэ Мэкъуауэ Тимур, гъэзэщӀакӀуэ къулыкъущӀэхэмрэ щӀыналъэ Ӏэтащхьэхэмрэ, хабзэхъумэ ӀэнатӀэхэм я унафэщӀхэр.**

ЗЭӀУЩӀЭМ щыхэплъащ блэкӀа мазихым кърикубыдэу хабзэхъумэ ӀэнатӀэхэм ирагъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм кърикӀуахэм, абы хохьэ «Мак» Ӏуэхури. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыӀэ МВД-м и унафэщӀым и къуэдзэ **Мамхэгъ Назир**. Афиян къызыхащӀыкӀ удз лӀэужьыгъуэхэр къыщагъэкӀхэр къахутэ, ар щэным иужь ит интернет-сайтхэр зэхуащӀ. Афиян зэзыхьэлӀахэм ялэжь щӀэпхъаджагъэхэр зэрагъэмэщӀэным жыджэру йолэжь.

Комиссэм хэтхэр хэплъащ щӀыналъэхэм щрагъэкӀуэкӀ Ӏуэхугъуэхэми. Щхьэж и щӀыпӀэм а Ӏуэхум теухуауэ щалэжьхэм тепсэлъыхьащ Прохладнэ къалэ администрацэм и Ӏэтащхьэ **Архангельский Вячеслав**, Аруан район администрацэм и Ӏэтащхьэ **Ажий Валерэ**, Шэрэдж куей администрацэм и Ӏэтащхьэ **Кульбаев Алан**, Налшык къалэ администрацэм и Ӏэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

Республикэм и унафэщӀым жиӀащ мы Ӏуэхум нэхъ щӀэгъэхуэбжьауэ елэжьын зэрыхуейр, КъБР-м ЩӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и министерствэр къызэрыхэшапхъэр. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, щӀалэгъуалэм драгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм и Ӏыхьэ куэд афияныр гъэкӀуэдыным тегъэщӀащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкӀэ и министрым и къуэдзэ **Къармэ Марат** зэӀущӀэм хэтхэр щигъэгъуэзащ Ӏуэхур зытетым. Абы къызэрыхигъэщамкӀэ, наркотик зэзыхьэлӀэхэм я бжыгъэр процент 22,9-кӀэ нэхъ мащӀэ хъуащ, 2022 гъэм елъытауэ, зызыгъэхъужу сымаджэщхэм щӀэлъхэм я бжыгъэр хэхъуащ.

● КъБР-м и Парламентым

# Дэфтэр нэхъыщхьэм и япэ еджэгъуэр

**КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр щэкIуэгъуэм и 30-м екIуэкIащ. Абы япэ еджэгъуэу къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2024 гъэм, 2025 - 2026 гъэхэм тещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектыр.**

ДЭФТЭРЫР зэрызэхагъэувам тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**. Абы жиIащ законопроектым щелэжьым республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр къэкIуэну илъэсищым зыхуэдэнум псори зэрытращIыхьар, апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и комитетхэр абы кууэ зэрыхэплъар. Псом япэу министрым къыхигъэщар Къэбэрдей-Балъкъэрым езым и хэхъуэхэмкIэ ехъулIэныгъэ иIэу иужьрей илъэсхэм зэрекIуэкIырщ.

- ЦIыхухэм я улахуэмрэ зэрызыщIагъакъуэ ахъшэхэмрэ етыным, лэжьапIэншэхэм я медицинэ страхованэм техьэр къыхэгъэкIыным текIуэдэну псори республикэм и бюджетым къыщытлъытащ, - къыхигъэщащ министрым. - Лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэным сом меларди 7,2-рэ тедгъэкIуэдэнущ. КъищынэмыщIауэ, 2024 гъэм и бюджетым къыщыдгъэлъэгъуащ Бахъсэн и псыжапIэм (2022 - 2025 гъэхэм яухуэн хуейр) и ухуэныгъэм папщIэ бюджет щIыхуэр зыхуэдэнур. Апхуэдэ ухуэныгъэхэм псоми зэхэту бюджет щIыхуэу текIуэдэнущ сом меларди 2,7-рэ.

Министрыр щхьэхуэу къытеувыIащ республикэм и хэхъуэхэр къызыпэкIуэнухэм, ахэр къызыхуагъэсэбэпынум, щIыналъэм и щIыхуэр зэрыхъунум, нэгъуэщIхэми. Абы дыщIигъуащ дэфтэрым и етIуанэ еджэгъуэм зэхъуэкIыныгъэхэр иджыри зэрыхалъхьэжынур.

Законопроектым теухуауэ я Iуэху еплъыкIэ зэIущIэм щыжаIащ КъБР-м и Парламентым щыIэ фракцэхэм я унафэщIхэм: **АфэщIагъуэ Михаил** (Урысей зэкъуэт), **Пащты Борис** (КПРФ), **Кебеков Владимир** (Захуагъэ здэщыIэ Урысей), **Безгодькэ Владимир** (ЛДПР), **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** (ЩхъуантIэхэр).

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ, къэралыр иужьрей илъэсхэм зыIууа гъэунэхуныгъэ мытыншхэм емылъытауэ, щIыналъэр егугъуу зэрыпылъыр республикэ бюджетыр зыхуей хуэзэу зэхагъэувэнымрэ ар ягъэзэщIэнымрэ.

- Дэ тхуэхъумащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр, абыи къищынэмыщIауэ, щIыналъэм езым и хэхъуэхэр нэхъыбэ тщIыну тхузэфIэкIащ, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Бюджетыр мы зэманым дызыхуейм хуэдиз мыхъуми, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ар тещIыхьащ. Автомобиль гъуэгухэр, егъэджэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ IэнатIэхэр зэрызэрагъэпэщыжынури щIэхэр ухуэнри абы къыщылъытащ. Шэч зыхэмылъыжращи, ар нэхъыбэу зыхуэгъэзар цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхухэращ, зэрызащIэдгъакъуэ псори гъэзэщIа зэрыхъун-ращ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил жиIащ, дэфтэрым щыхэплъэм, гъэбелджылыжын хуейуэ Iуэхугъуэ 60-м нэблагъэ къызэрагъэлъэгъуар. Абыхэм я Iыхьэм арэзы техъуакъым, 40-м щыщу зэхъуэкIыныгъэ 12-р законопроектым и япэ еджэгъуэм къащтэну, 15-м етIуанэ еджэгъуэм щыхэплъэну къыхалъхьащ. «2022 гъэм республикэм и хэхъуэхэр сом мелард 46-м къыщыщIэддзауэ щытащ. СызэреплъымкIэ, а бжыгъэр иджы сом мелард 60-м тхунэгъэсынущ, - къыхигъэщащ АфэщIагъуэм. - Ди Правительствэм пщэрылъ зыщищIыж Iуэху псори игъэзэщIэнущ. ФIым ущегъэгугъ ипэ илъэсхэм елъытауэ щIыналъэм и хэхъуэхэр куэдкIэ зэрынэхъыбэм. Республикэм и бюджетыр адэкIи зытещIыхьауэ щытынур цIыхубэр зэIузэпэщу псэуныр зэлъыта IэнатIэ псори ефIэкIуа зэрыхъунырщ».

ЗэIущIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ республикэм и нэгъуэщI закон зыбжанэм я проектхэми: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2023 гъэм, 2024 - 2025 гъэхэм тещIыхьауэ», «КъБР-м мафIэс къэмыхъуным зэрыщыкIэлъыплъым теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхауэ щахъумэ и щIыпIэхэм ехьэлIауэ», «КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и IуэхукIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм ятеухуауэ», нэгъуэщIхэми. Иужьрейм ипкъ иткIэ къыхалъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым хъыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ связымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр республикэм щыгъэувыныр.

Къару имыIэжу къалъытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалэ ухуэныгъэм ехьэлIауэ» КъБР-м и законым и Iыхьэ 22-м.

«КъБР-м нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэм я лэжьапщIэм техьэ коэффициентыр 2024 гъэм зыхуэдэнур гъэбелджылыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм щытепсэлъыхьым, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** жиIащ абы и бжыгъэр 3.0 зэрагъэувыр.

- Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм ярит хуитыныгъэм тету, хамэ щIыпIэ къикIауэ республикэм щылажьэхэм 2023 гъэм зы цIыхум хуэзэу мазэ къэс республикэм и бюджетым сом 8172-рэ халъхьащ. 2018 гъэм хамэ щIыпIэхэм щыщу зи лэжьыгъэр ди щIыналъэм къыщызэзыгъэпэща цIыху 4937-м бюджетым сом мелуан 78-рэ къыхуахьащ, 2019 гъэм - сом мелуани 132-рэ (лэжьакIуэ 4448-м), 2020 гъэм - сом мелуан 72-рэ (цIыху 1729-м), 2021 гъэм - сом мелуани 123-рэ (цIыху 3349-м), 2022 гъэм - сом мелуан 236-рэ (3938-м). КъБР-м и МВД-м къызэрипщытэжамкIэ, дызэрыт илъэсым и мазипщIым патент зрата цIыху 4584-м бюджетым халъхьар сом мелуан 209-рэ мэхъу, - жиIащ къэпсэлъам.

Депутатхэр едэIуащ щIыналъэм и бюджетыр 2023 гъэм и мазибгъум зэрагъэзэщIам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къызэщIикъуэжам. КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, хэхъуэхэр сом мелард 45,8-мноблагъэ, къигъэсэбэпар - сом мелард 42,7-м. Налогхэмрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ ягъэзэщIащ тращIыхьам и процент 82,6-кIэ (сом мелард 12,4-рэ мэхъу).

- Къыхэгъэщыпхъэщ налог хэхъуэхэр сом мелуан 953-кIэ зэрынэхъыбэр блэкIа илъэсым и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ. НэгъуэщI хэхъуэхэри нэхъыбэ хъуащ сом мелуан 364,7-кIэ. Зымыгъэзэж хэхъуэхэр процент 73,4-кIэ дгъэзэщIащ, икIи сом мелард 33,4-рэ ар мэхъу. Къэдгъэсэбэпам и процент 75-р социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм текIуэдащ. Жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу ди къэрал щIыхуэр сом меларди 7-рэ мелуан 457,9-рэ мэхъу, - жиIащ министрым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# «ДыгъафIэ къалэм» и гъэсэнхэр я хьэщIащ

**«Къэрал сыхьэтым» хыхьэу, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и депутатхэр яIущIащ ТворчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и 9 - 11-нэ классхэм щеджэ, олимпиадэхэм, зэпеуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщызыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэ 49-м.**

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ яхуэзащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и уафэщI **Емуз Нинэ**, Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ**, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и унафэщI **Кривко Михаил**, ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Безгодькэ Владимир** сымэ.

Абыхэм къыхагъэщащ апхуэдэ зэхуэсхэр хабзэ дахэ хъуауэ КъБР-м и Парламентым щIэх-щIэхыурэ зэрыщрагъэкIуэкIыр, ныбжьыщIэхэм IэмалыфI зэраIэр хабзэубзыху Iуэхухэм ятеухуауэ яфIэгъэщIэгъуэнхэм абдеж щыщIэупщIэну. ХьэщIэхэр ирагъэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым парламентаризмэр зэрыщызэфIэувамрэ зэрызыщиужьамрэ теухуа видеороликым.

Емуз Нинэ жиIащ зэIущIэр «ДыгъафIэ къалэ» академием и жэрдэмкIэ къызэрызэрагъэпэщар. Ар тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр зэриубзыхум. Кансаевэ Еленэ ныбжьыщIэхэр щигъэгъуэзащ депутатхэм я къалэнхэр зэрагъэзащIэмрэ хэхакIуэхэм зэраIущIэмрэ.

Депутатхэр ныбжьыщIэхэм зэрахуэзам и мыхьэнэр зэрыиныр къыхигъэщащ Кривко Михаили. Ар тепсэлъыхьащ зи унафэщI комитетым и IуэхущIафэм, депутатхэр къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрадэлажьэм, законхэмрэ жэрдэмхэмрэ къызэращтэм.

Безгодькэ Владимир ныбжьыщIэхэм яжриIащ щIэныгъэм, техникэм, хъыбарегъащIэ Iэмалхэм тегъэщIа IэщIагъэхэм иужьрей зэманым щIэупщIэ зэраIэр, абыхэм гулъытэ зэрыхуащIыпхъэр. Апхуэдэуи абы ахэр къыхуриджащ КъБР-м и Парламентым илъэс къэс иригъэкIуэкI «Си хабзэубзыху жэрдэм» зэпеуэм жыджэру хэтыну, адэкIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хыхьэным егупсысыну.

ЩIалэгъуалэм депутатхэм упщIэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыхуагъэзащ. Ахэр теухуат хабзэхэр къызэращтэм, республикэм егъэджэныгъэр, социально-политикэ Iуэхухэр зэрыщызэфIахым, ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм и кIэм депутатхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ, КъБР-м и Парламентым и унэм зыщаплъыхьащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# ЩIымахуэм хуэхьэзырщ

**Iуащхьэмахуэлъапэкъытрилъхьэ уэсым мэзхэр зэуэ щыщIиуфэ щыIэщ, мэз псэущхьэхэмрэ щIымахуэр ди щIыпIэм щизых къуалэбзухэмрэ цIыхухэм я гулъытэ хуэныкъуэу. Ар къызыгурыIуэ мэз лэжьакIуэхэр абыхэм шхынкIэ яхуосакъ; гъатхэм щыщIадзэри жыгей тхьэмпэхэр, мэкъур, шыпсыранэр, Iусыпхъэхэр ягъэтIылъ, мэз бжэнхэр, бланэхэр, кхъуэпIащэхэр щыхъуакIуэ щIыпIэхэр уэс куум щыщIихъумэм деж абыхэм ирагъэшхын хуэдэу.**

ЩIЫМАХУЭР мыткIиймэ, абыхэм езыхэми хъарзынэу уэс щIагъым къыщIах мышхумпIэхэр, мэзыдэхэр, пщIийхэр, чэщей жыг цIынэ цIыкIухэр, шыкIуртIымхэр, мэзкхъужь, мы тIыгъуахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуршылъэ мэзхэм псэущхьэхэм Iусымрэ мэкъумрэ я хъумапIэ щIыпIэ щхьэхуэхэр щыIэщ.

- Ахэр жылэхэм фIыуэ япэжыжьэу къыщызыдогъэпэщ, бжьыхьэ - щIымахуэ пIалъэм ирихьэлIэу хуиту хъупIэхэм ираутIыпщхьэ унагъуэ Iэщыр нэмысын хуэдэу, арщхьэкIэ, сыт хуэдэу дымыхъумэми, мэз лъагъуэ пхыдзахэмкIэ щIэкIыу, псэущхьэхэм яхуэдгъэтIылъыр щраулъэпсыкI куэдрэ къохъу, - жаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэм.

Министерствэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, ди къуршылъэ мэзхэм щыбэгъуэжащ, мащIэ дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу, Тхылъ Плъыжьым иратхауэ щыта мыщэ гъуабжэхэр. ЩIымахуэ ткIий зэрыщымыIэжми емылъытауэ, абыхэм пIалъэм тету щIымахуэ жей ящI. Гъэм и кIыхьагъкIэ къапщтэмэ, мыщэхэр цIыхуми Iэщми зэран щахуэхъуа нобэкIэ къэхъуакъым. Абыхэм нэхъыбэу яшхри мэзым щIэт пхъэщхьэмыщхьэхэрщ.

Абыхэм елъытауэ дыгъужьхэмрэ хьэIуцыдзхэмрэ нэхъ еIуящIэщ; гуп зэрыгъэхъуу мэл гуартэм теуэмэ, мэл 40 - 50-м нэблагъэр пэщ ящымыхъуу ялIынущ. Апхуэдэу ахэр йощакIуэ нэхъ зыпэлъэщыну къалъытэ танэхэм, шыщIэхэм. Аращ пIалъэ пыухыкIам тету ахэр ягъэмэщIэн хуей щIэхъур.

«Росприроднадзор» IуэхущIапIэм илъэс къэс иджы хуэдэ зэманым ди къуршылъэ мэзхэм зыщызыплъыхьхэм хъыбар ярегъащIэ мэз псэущхьэхэр гъунэгъуу зэпшалIэу бгъашхэ зэрымыхъунумкIэ; абыхэм езэгъынукъым цIыхум яшх шхыныгъуэхэр: шашлыкхэр, щIакхъуэхэкI IэфIхэр, уеблэмэ жэмышэ къудейр. Абы и мызакъуэу IэкIэ зыбжанэрэ бгъэшха псэущхьэ Iэлыр умыщIэххэу етIуанэ гъуэгу къыптеуэнкIэ мэхъу, а шхын дыдэр уи деж къыщилъыхъуэу е туристхэр къыщызэтеувыIэ щIыпIэхэр кIуапIэ ящI.

Шынагъуэншэу пхужыIэнукъым псоми фIыуэ ялъагъу кIэпхъхэр, цыжьбанэхэр, мэз дзыгъуэхэр. Ещхьыркъабзэу ахэр Iэм ибгъэшхыкIыныр шынагъуэщ - япкърытынкIэ хъуну узыр зыми ищIэркъым. Мы Iуэхум теухуауэ Ставрополь щIыналъэм щаублащ щапхъэ зытрах Iуэхугъуэ: мэзылъэхэм щIагуашэ вакцинэ зыхэлъ шхыныгъуэхэр. Мы илъэсми апхуэдэ лэжьыгъэхэм пащэнущ.

ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэм телажьэхэм мэз псэущхьэхэм и мызакъуэу бгылъэ щIыпIэхэм щIымахуэр щизых бгъэ лIэужьыгъуэхэми я нэIэ тетщ. ИпэкIи и гугъу зэрыфхуэтщIащи, хэщIыныгъэ ин зыгъуэтауэ щыта къуршыбгъэхэм я бжыгъэр хъарзынэу зэфIэувэжу хуежьащ. ЩIэныгъэлIхэр кIэлъоплъ абыхэм щIымахуэр зэрырах щIыкIэмрэ я шхыныгъуэхэр зыхуэдэмрэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Республикэр зэрефIакIуэм и щыхьэт

● Экономикэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм иджыблагъэ зэбгригъэха хъыбарым къызэрыхэщщи, 2023 гъэм и щIышылэ - жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу республикэм и промышленнэ индексым нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм елъытауэ процентi 102,1-кIэ хэхъуащ.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ - процент 98,9-кIэ, машинэ зэпкърылъхьэн IэнатIэмкIэ, ерыскъыхэкIхэм елэжьынымкIэ, химие, дэрбзэр промышленностхэмкIэ, ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр къыщIэгъэкIыныменкIэ, нэгъуэщIхэмкIи - проценти 102,1-рэ, электрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм - проценти 100,3-кIэ.

ЦIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ псыкIэ къызэзыгъэпэщ, псы къагъэсэбэпар Iузыш, кIэрыхубжьэрыхуэр зэщIэзыкъуэу идзыпIэхэм зыгъэIэпхъуэ, уэрамхэр, пщIантIэхэр гъэкъабзэн лэжьыгъэхэм пэрытхэм - проценти 111,9-кIэ.

Промышленнэ индексым щIыналъэм зэрыщыхэхъуэм къегъэлъагъуэ республикэм и экономикэм зэрызиужьыр, щыжаIащ щIыпIэ министерствэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# «Анэм и щIыхь» медалыр къратащ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ «Анэм и щIыхь» медалыр яритащ бынитху, нэхъыбэ зыпI бзылъхугъэхэм.**

АПХУЭДЭ гулъытэ зыхуащIахэм ящыщщ республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я ветеранхэм я советым хэт, полицэм и майору IэнатIэм пэрыкIыжа, сабиитхум я анэ ЗэкIурей Людмилэ Бильостэн и пхъур.

Лэжьыгъэм щыпэрытым Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, жэуаплыныгъэ зыхэлъ лэжьакIуэу зыкъигъэлъэгъуащ абы икIи къыхагъэфэщащ «И къулыкъур дагъуэншэу зэрырихьэкIым папщIэ» медалым и 2-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр, «Къулыкъу щIэным къызэрыхэжаныкIам папщIэ» медалыр, щылажьэ IэнатIэм и унафэщIым къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Къыхэдгъэщынщи, Людмилэ егъэджакIуэ лэжьыгъэми фIыуэ хещIыкI. Абы и IэдакъэщIэкIхэу социологиемрэ психологиемрэ ехьэлIа щIэныгъэ тхыгъэ зыбжанэ къытрадзащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм деж щыIэ Аттестационнэ комиссэ нэхъыщхьэм и журналхэм.

Людмилэ и щхьэгъусэ ЗэкIурей Заур КъБР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжьщ. Зэщхьэгъусэхэм я сабийхэм еджэнми спортми ехъулIэныгъэхэр щаIэщ, щIыналъэ олимпиадэхэм щытекIуащ, апхуэдэуи я зэфIэкI щагъэлъагъуэ гъуазджэмрэ волонтёр лэжьыгъэмрэ.

КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед зэрыжиIащи, республикэ ОВД-м и ветеранхэм ящыщу «Анэм и щIыхь» къэрал дамыгъэ лъапIэр япэу къызыхуагъэфэщар ЗэкIурей Людмилэщ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм къет

## Лъэхъуэщым къыщыхутахэщ

**Аруан районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу Темрокъуэ Жанетэ арэзы техъуащ республикэм щыщ цIыхуищ щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ зэрагъэкъуаншэ уголовнэ Iуэхум.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, 2018 гъэм суд зытращIыхьа М. и цIыхугъэхэу Ж., Ш., апхуэдэуи хэтми зэхамыгъэкIа нэгъуэщI цIыхуитI ящыгъуу, ятеуащ М. и унагъуэм. Я гъащIэмрэ узыншагъэмкIэ ягъэшынэурэ, залымыгъэ кIэлъызэрахьэу тракъуэзурэ абыхэм зыIэрагъэхьащ сом мелуани 4-м щIигъу зыпэкIуэ мылъку, адэкIэ унагъуэм щыщхэм я зым и машинэмкIэ загъэбзэхыжащ.

КъинэмыщIауэ, унагъуэм и мылъкур здэщылъыр кърагъэгъуэтын мурадкIэ щIэпхъаджащIэ гупым хэтхэм М. цIыхубзыр ядыгъуащ, абы и къуэм и машинэм и багажникым ираубыдэри Iуашащ.

Судым, зэрагъэкъуаншэр диIыгъри, щIэпхъаджащIэхэм ильэси 2-рэ мазихым къыщыщIэдзауэ илъэс 11-м нэскIэ тутнакъэщым щаIыгъыну ятрилъхьащ, ткIийуэ щакIэлъыплъыну.

## И хуитыныгъэр зэфIагъэувэжащ

**Республикэм и прокуратурэм къэпщытэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ, ныкъуэдыкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэ «Чернобыль союз»-м хэтым зэрызакъыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр зэхигъэкIыу. Ахэр ехьэлIащ Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм къэтхьэусыхам хуэгъэзауэ илэжьахэм.**

КЪЫЗЭРЫЩIЭКIАМКIЭ, Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа аварием кърикIуахэр гъэкIуэдыжыным хэта цIыхухъум пенсэр щыхуагъэувым и лэжьыгъэ стажым хагъэхьакъым ныкъуэдыкъуагъэкIэ 2-нэ гупым зэрыхиубыдэм къыхэкIыу илъэси 7-кIэ IэнатIэ зэрыпэрымытыфар. Ар хагъэхьэу и пенсэр къабжыжыну ОСФР-м зыщыхуигъэзам, социальнэ лэжьакIуэхэм къыхуадакъым.

Республикэм и прокуратурэм абы и хуитыныгъэр зэфIэгъэувэжыным теухуа Iуэхур Налшык къалэ судым Iэригъэхьати, ар зыхуей хуагъэзащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# Къандур Мухьэдин Иззэт и къуэр



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 86-м иту, дунейм ехыжащ адыгэ тхакIуэ, сценарист, композитор, режиссёр Къандур Мухьэдин Иззэт и къуэр.**

КЪАНДУР Мухьэдин Иорданием щыIэ Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и щыхьэр Амман 1938 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыщалъхуащ. Зи лъэпкъыр хамэ щIыпIэм цIэрыIуэ щызыщIа адыгэ зэчиифIэхэм ящыщт Къандурыр.

Ар щеджащ икIи щылэжьащ Палестинэм, Италием, Германием, Франджым, Инджылызым, Шотландием, США-м. Философиемрэ тхыдэмкIэ доктору щытащ. Къандур Мухьэдин США-м и ТхакIуэхэм я союзми Режиссёрхэм я союзми хэтащ, художественнэ фильм куэдым режиссёр хуэхъуащ, сценарий яхуитхащ.

Къандурым и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхыдэ роман 34-рэ. Ахэр зэрадзэкIащ урысыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, испаныбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ. Саугъэт куэд къыхуагъэфэщащ Къандурым. Абыхэм ящыщщ Урысейм и щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ къратащ «Дыщэ жор» медалыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.

Иджырей гъуазджэм хуэIэижь Къандур Мухьэдин хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ адыгэ щэнхабзэм. Абы и фэеплъыр мыкIуэдыжынщ. Къандур Мухьэдин и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ гурэ псэкIэ дахуогузавэ.

***КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэр, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр.***

# Хабзэхэм зэремыбэкъуэным хущIагъэкъу

● ЗэIущIэхэр

**Урысейм СвязымкIэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и управленэм Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм щиIэ къудамэм зэIущIэ щекIуэкIащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм папщIэ.**

АБЫ щытепсэлъыхьащ наркотикыр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр зэрагъэхьэзыр, зэрызрахьэлIэ е зрахьэлIэным къыхуезыджэ, а къэкIыгъэхэр щащэ щIыпIэхэм ятеухуа тхыгъэхэр трамыдзэным. Апхуэдэу зэхыхьэм гулъытэ щыхуащIащ экстремист, террорист зэгухьэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэмкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я хабзэхэм ебакъуэмэ, административнэ жэуаплыныгъэ зэрахьынум. Семинарым хэтхэм жраIащ хамэ къэрал агентхэм ятеухуа тхыгъэхэр къыдэкIыгъуэхэм темыдзэным теухуауэ ди къэралым къищта хабзэхэр гъэзэщIэным хуэсакъыну. КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ зыщыщ лъэпкъым ехьэлIауэ цIыхур зыгъэпуд тхыгъэ традзэ зэрымыхъунум.

ЗэпIэщIэ (видео) Iэмалыр къагъэсэбэпри, зэIущIэм хэтащ Роскомнадзорым и управленэм Ставрополь крайм щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, IуэхущIапIэм КъэрэшейШэрджэсым щиIэ къудамэм и унафэщI Хомюк Игорь, «День республики», «Карачай», «Черкес Хэку», «Абазашта», «Ногай давысы», «Черкесск: Вчера. Сегодня. Завтра», РИА «Карачаево-Черкесия» къыдэкIыгъуэхэм я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Мы махуэхэм

### Дыгъэгъазэм и 2, *щэбэт*

✦**ПщылIыгъэр гъэкIуэдыным хущIэкъуным и дунейпсо махуэщ**

✦**Урысейм щагъэлъапIэ Банк лэжьакIуэм и махуэр**

✦**1851 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей джэгуакIуэ, усакIуэ **Агънокъуэ Лашэ.**

✦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам папщIэ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща **Гъуэщокъуэ Хъусин.**

✦**1960 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 17, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

### Дыгъэгъазэм и 3, *тхьэмахуэ*

✦**Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

✦**Компьютер графикэм и дунейпсо махуэщ**

✦**Пестицидхэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

✦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Юристым и махуэр**

✦**Зи Хэкур зыхъумэжурэ хэкIуэда Сэлэт МыцIыхум и махуэщ**

✦**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Дамаск къэрал университетым и профессор **Абдул-Сэлам Адыл.**

✦**1956 гъэм** къалъхуащ Истамбыл щыпсэу уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Догъэн.**

✦**1958 гъэм** къалъхуащ тележурналист, Дунейпсо Арткомитетым и саугъэтыр зрата **Токъмакъ Светланэ.**

✦**1970 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, экономикэмрэ управленэмкIэ институту Псыхуабэ дэтым и профессор **КъуэщIысокъуэ Заурбэч.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

### Дыгъэгъазэм и 4, *блыщхьэ*

✦**Информатикэм и махуэщ**

✦**1707 гъэм** Урысейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ узыншагъэм щыкIэлъыплъ къэрал IуэхущIапIэ (иджыпсту ар Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэщ).

✦**1946 гъэм** Москва щызэпкъралъхьащ «Москвич-400» лIэужыгъуэм и япэ автомобилыр.

✦**1907 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало ЛутIэ.**

✦**1927 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэт.**

Лъэпкъ IущыгъэкI:

**Уи гуащIэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.**

# Арщыданыжьыр пщыжь тIысыпIэщ

● Тхыдэ

**Махуэр щыбзыгъэм Мэртазэ и тIыгъэ лъагапIэм уиплъыкIмэ, нэм къыIуедзэ мэзылъэ щIыпIэм и щIыбагъхэм щытэджа къуршхэр. Абыхэм фIыуэ йолъагэкI Гумады Iуащхьэжьыр. Абы и папцIапIэ уэгум етам къыбжеIэ ар и инагъкIэ Iуащхьэмахуэ ехьэехуэу зэрыщытыр.**

ГУ лъыдмытэж щхьэкIэ, телъыджэщ мы щIыпIэр - нэри псэри дехьэх. Арщыдан цIыкIури псынэпсщ. АрщыданыщIым и пшэрагъкIэ ефIэкI ди лъахэм зэрыщымыIэр пасэрейм куэд щIауэ къихутащ. ЗэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, бжейкIэ, жыгейкIэ, мейкIэ, кхъужьейкIэ, нэгъуэщI жыгхэмкIи къулей Арщыдан мэзыжьри псэуалъэ хэкIыпIэт, пхъэщхьэмыщхьэ щыкуэдт.

Бланэ, мэз бжэнхэр, мэз джэдхэр гъунэжти, щакIуэхэм я къэлътмакъхэр сыт щыгъуи изт. Арщыдан и тIуащIэм, Гуартэ и плъапIэм удэкIуеямэ, хъуреягъкIэ нэр здынэплъысыр Iэгум илъым хуэдэу щыболъагъу. Гумады Iуащхьэжь лъапэ и хъупIэхэм шыбэр щыхъуакIуэрт. Арагъэнущ мы щIыпIэ дахэр пщыжь тIысыпIэ щIэхъуари. Уегупсыс хъунущ, пщыхэм ипэжкIи, Iэхэлъахэр тепщэ Iэджэм я егъэзыпIэу щытауэ. Аращ «Арщыданыжьыр пщыжь тIысыпIэщ» псалъафэм и лъабжьэри.

Ижь-ижьыж лъандэрэ Арщыданыр бгы лъапэт, зэрыпхъуакIуэ къакIуэ хъужыкъуэмэ, зыхъумапIэт, быдапIэт. А псор я нэгу щIэкIащ Джэрмэшыч Iуащхьэм, ХьэнкIыргъуей щыгужьым, ЩкIэщыщхьэкъуэ мэзым, Хъуромэ щыгум, Гуартэ и плъапIэ мэз Iуащхьэм, Гумады Iуащхьэжьхэм, Бжылъэфыкъуэ къуэнэфым, ЩхьэпылъапIэм. Мы ижьрей щIыпIэцIэхэм епхащ хъыбар щхьэхуэхэр. Ахэр тегъэщIапIэ мэхъу къуажэм и блэкIар зэфIэгъэувэжынымкIэ.

Дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ адыгэхэм ди тхыдэм къыщыхъуа мы Iуэхугъуэхэр.

1641 гъэм Къэбэрдей жылэхэм я нэхъыбэр Псыжь иIэпхъукIауэ щытащ, пщышхуэ Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ я пашэу. Хэкур зымыбгынауэ къэнахэм ящыщт Джылахъстэней, Талъостэней пщы жылэхэр. Дыжьыныгъуэ Мэртазэхэ Талъостэнхэ я гъусащ.

Илъэс 30-м нэблагъэ дэкIа нэужь, 1670 гъэм, хэкум икIахэр къишэжащ пщышхуэ Къазий и къуэ ХьэтIэхъущокъуэ, Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэр яхэмытыжу. Арщыдан къуажэжьым дэт «Мэртазэхэ я тIыгъэ» и щыхьэтщ Мэртазэхэ а лъэхъэнэм мы щIыпIэм зэрисыгъам.

...ИкIэм-икIэжым Мэртазэхэ Iэпхъуащ. ЗдэIэпхъуари къыщыгъэлъэгъуащ 1744 гъэм урыс топограф Чичагов Степан Къэбэрдей жылэхэм я картэу зэхилъхьам. Мэртазэхэ я къуажэхэу Псыхужь (иджырей Осетие Ищхъэрэм «Урсдон» зыфIащауэ щежэх псыщ) и тIуащIэм дэтIысхьащ. Зэман дэкIри, Урысей администрацэм къыхилъхьа къуажэ зэхуэхусым ипкъ къикIыу, Мэртазэхэ я жылэхэр жьэпкъым къыщIагъэкIщ, тафэм къагъэIэпхъуэри, Тэрч адрыщIкIэ къыщагъэхутащ.

Мэртазэхэ ирахуу мы щIыпIэм (Арщыдан и Iэхэлъахэм) Къетыкъуэхэ итIысхьа зэрыхъуам и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, Къетыкъуэ Аслъэнбэч и бын пажэ Хьэмырзэ и пщычэур 1744 гъэм ирихьэлIэу мыбдеж зэрыщыIар.

ТхыгъэкIи IуэрыIуатэкIи наIуэщ Арщыдан ипэу иса пщы лIакъуэхэр зыхуэдэр. Абыхэм жылэ зырыз Арщыдан щаIыгъащ, щхьэхуэрэ зэгъунэгъууи щысащ: Къетыкъуейр (Хьэмырзейр), Дэхъушокъуэхэ, Сосналыхэ, Елбэздыкъуэхэ. Ахэр XVII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм псэуа пщы Жамболэт и къуэ Къетыкъуэ и бынщ. Псори зэхэту Къетыкъуэхэ нэгъуэщI щIыпIэхэми пщычэу зыбжани щаIащ.

Тхыдэджхэр зэрыщыгъуазэщи, Къетыкъуэхэ къахэкIащ Къэбэрдейм и пщы уэлий хъуахэу Къетыкъуэ и къуэ Аслъэнбэч (1746), Къетыкъуэ и къуэ Жамболэт (1763), Хьэмырзэ-ЛIыкIэщI и къуэ ХьэтIэхъущокъуэ (1806), Дэхъушокъуэ и къуэ Мыхьэмэт (1839). ЛIыхъужьыгъэ ин хэлъащ Къетыкъуэ Аслъэнбэч и къуэ Хьэмырзэ-ЛIыкIэщI. Къэбэрдейр щхьэхуиту псэун папщIэ абы и псэр итащ 1779 гъэм, и къуэ Исмэхьил и гъусэу.

Тхыдэдж Сокъур Валерэ и къэхутэныгъэм шэчыншэу къегъэлъагъуэ 1720 гъэм гъатхэкуу Къетыкъуэ Аслъэнбэч Бахъсэн псыхъуэ ирагъэбгынэу Шэрэдж псыхъуэ тIысыпIэ хуэхъуауэ зэрыщытар. А гъэм иужькIэ Мэртазэхэ АрщыданыщIым зэримысар белджылыщ.

Арщыданыр Къэбэрдеишхуэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм и гъунапкъэрысу ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ. Талъостэней щыщ Мэртазэхэ а щIыр иужькIи яIэщIэлъатэмэ, Къэбэрдеишхуэм и гъунапкъэм зихъуэжынут. Дауэ щымытами, «Къэбэрдеишхуэ», «Къэбэрдей ЦIыкIу» псалъафэхэр урыс тхыдэм зэрихуэрэ, Арщыданыр Къэбэрдеишхуэм халъытэущ къызэрыщыхэщыр, Къетыкъуей щIыналъэу ябжу. НэгъуэщIу жытIэмэ, 1670 гъэм къыщыщIэдзауэ Къетыкъуей пщы жылагъуэм хиубыдэу.

Арщыданым и тхыдэм щыщ зы Iыхьэщ къуажэдэс куэдым я унэцIэхэр, абыхэм я къежьапIэр, зыужьыкIэр къэхута зэрыхъуар. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Мамхэгъ, Жэмбичэ, Джэдгъэф, Бэдракъ, Беракъ, ХъутIэжь, Сэбэншы, Сунш, Мыд, Ерчэн, Сэрты, Дзэгуей, Къантемыр, нэгъуэщI лъэпкъыцIэхэри.

Арщыданыр тхыдэкIэ епхащ нэгъуэщI адыгэ къуажэхэм. Дэхъушокъуэ Жамботыпщыр я пашэу Арщыдан дэIэпхъукIахэр и лъабжьэ хъуауэ жыпIэ хъунущ Къэхъун къуажэми (Шыпшхьэблэ). Арщыдан и хьэблэ щхьэхуэу щыта Къуэжьыкъуейм къатехъукIащ Къуэжьыкъуей Ищхъэрэ (Нижнэ Шэрэдж) жылэр зыухуа унагъуэ куэд. Абыхэм ящыщщ ГъуэплъащIэхэ, Темрокъуэхэ, Тенхэ, Къэгъэзэжхэ, Хужьокъуэхэ, Хьэкъунхэ. Арщыдан къыдэкIа уэркъ лъэпкъ зыбжанэ Къуэжьыкъуей Ипщэ (Жэмтхьэлэ) Iэпхъуэгъащ. Апхуэдэщ Къуэжьокъуэхэ, Мамхэгъхэ, Шырыкъухэ, Уэлджырхэ, Щоджэнхэ.

Арщыдан жылэжьым пыщIауэ къыщIэкIащ Къайсэр къалэм (Тыркум) пэгъунэгъуу щыс МударейкIэ зэджэ къуажэри. А цIэр къызытехъукIар Арщыданыпщ Елбэздыкъуэ Мыхьэмэту къыщIокI. Ар «Мудар» унэцIэкIи ятхыу щытащ, Арщыдан икIыу 1852 гъэм Тыркум кIуахэм ящыщщ.

**ГЪЭУНЭ Борис.**



# ГушыIэуи яфIэщуи

● ТхылъыщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «Егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм зэпымыууэ щыхагъахъуэ центр» (ЦНППМ) къэрал Iуэхущ IапIэм и типографием иджыблагъэ къыщыдэкIащ «О математиках, математике и её преподавании и в шутку, и всерьёз» зи фIэщыгъэ тхылъым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр (ар Мамхэгъ Астемыр и Iэдакъэщ IэкIщ).**




ТХЫЛЪЫР зэхэзыгъэувам ди пащхьэ къырелъхьэ жыпхъитIу зэхэт лэжьыгъэ: егъэджэныгъэмрэ абы къыщагъэсэбэп Iэмалхэмрэ (есэпым, ар егъэджыным епха гупсысэхэр, егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ ятеухуа хъыбар кIэщIхэмрэ абыхэм я жыIэгъуэ гъэщIэгъуэнхэмрэ), есэпыр «зыхэпща» гушыIэхэр (гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ, сочиненэхэм, «кIэщIэдэIухьхэм» къыхэкIа Iуэхугъуэ дыхьэшхэнхэр, физикхэм я псалъэ шэрыуэ упызыгъэгуфIыкIхэр, прозэм, усыгъэм есэпым щиубыд увыпIэм ехьэлIахэр). Ахэр щызэхэдза Iыхьихыу тхылъыр гуэшащи, щхьэж фIэгъэщIэгъуэныр дэтхэнэми япэ иригъэщыну хуитщ.

КъыдэкIыгъуэр зэхэзыгъэува Мамхэгъ Астемыр тегъэщIапIэ ещI Веллее Жуль и псалъэхэр: «ГушыIэм сытым дежи Iуэхугъуэ ин щIэгъэпщкIуащ». Пэж дыдэуи тхылъым итхэр щыхьэт тохъуэ гушыIэ хэлъуи яфIэщуи щIэныгъэлIхэм жаIахэр зэпэщхьэхуэ зэрыпхуэмыщIынум ехьэлIауэ Астемыр къихь и гупсысэм. «Еджагъэшхуэхэми апхуэмыдэхэми я гушыIэхэмрэ гушыIэ зыхэмылъ я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ гъунапкъэ убзыхуауэ яIэкъым», - жеIэ Мамхэгъым.

ВУЗ-хэм щылажьэхэми школхэм я егъэджакIуэхэми тхылъым къыщагъуэтынущ я Iэнатlэм къащыхуэщхьэпэн куэд. Иужьрейхэм абы къыхахыфынущ класс щIыб дерсхэм, школым къыщызэрагъэпэщ пшыхьхэм, нэгъуэщIхэми хагъэхьэ хъуну гушыIэ кIэщIхэр. Ахэр сэбэп хъунущ есэпым сабийхэр дегъэхьэхынымкIэ.

ЦНППМ-м и егъэджэныгъэ-методикэ советым и унафэкIэ дунейм къытехьа тхылъыр ящэнукъым. АбыкIэ яхуэупсэнущ Центрым зи щIэныгъэ щыхэзыгъэхъуэну екIуалIэу, ехъулIэныгъэкIэ курсыр къэзыух егъэджакIуэхэм.

«О математиках, математике и её преподавании и в шутку, и всерьёз» тхылъыр гъэхьэзырыным зэрыхэлIыфIыхьам папщIэ ар зэхэзыгъэувам фIыщIэ яхуещI ЦНППМ-м и лэжьакIуэхэу Тау Аслъэн, Султанов Алим сымэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Жыгхэм я зэфIэкIыр

**Жыгейм сэбэпынагъыу иIэр псоми ящIэ: къыпыкIэ мышхумпIэр мэз псэущхьэхэм я шхыныгъуэщ, уеблэмэ гъатхэм хуиту тригъэхьэу. КъищынэмыщIауэ, жыгейм и пхъафэр и хущхъуэшхуэщ щIыIэ, дзэл, лъынтхуэ узхэм.**

ГЪАЩIЭШХУЭ зиIэ жыгейр лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэтэкIауэ жыпIэ хъунущ пхъэхуейм. Новосибирскрэ Красноярскрэ я щIэныгъэлIхэм иджыблагъэ къызэрахутамкIэ, Урысейм и щIыналъэ псоми тыншу къыщыкI а пхъэхуейм къыхащIыкIа композит пкъыгъуэхэм лышхым и клеткэхэр якъутэ, и бэгъуэнри къызэтрагъэувыIэ.

- Бетулиным и дипропионатыр зи лъабжьэ икIи псы къызэрыгуэкIымкIэ зэхэпщIэ хъу композитхэмкIэ хуиту лышх узыфэм уебэныфынущ, - жаIащ сыбыр щIэныгъэлIхэм. Зи гугъу ящI пкъыгъуэр дунейм езым къыдет, бетулиным и эфирымрэ пропионовэ кислотамрэ къыхэкIыу. Абы къыхах пкъыгъуэм дыщIагъуащ псым ар тыншу хэзыгъэткIухь полисахаридымрэ пхъэм къыхах арабиногалактанымрэ.

Лышхым и мызакъуэу, ар узыфэ куэдым пэщIэтыфынущ. ЩIэныгъэлIхэм къызэрыхагъэщамкIэ, бетулиным и эфирырщ лышх клеткэхэр и пIэм имыкIыу зэщIэзыубыдэри зэхэзыкъутэри. Ар зи Iэдакъэ щIэкIхэр щогугъ дызыхуэкIуэ зэманым апхуэдэ къэхутэныгъэм фармакологием увыпIэшхуэ щиубыдыну. ЗэрыфщIэщи, ди къэралым пхъэхуейр и мащIэкъым. Ди республикэм жыгейм хуэдэу пхъэхуейм куэдрэ ущрихьэлIэу щытакъым. 1818 - 1819 гъэхэм Кавказым и бгылъэ щIыпIэхэм узыщрихьэлIэ къэкIыгъэхэм ятеухуауэ урысей щIэныгъэлIхэм япэу ягъэхьэзыра тхыгъэхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ахэр нэхъ здэщыIэр къурш жьанэхэрт. Ауэ абыхэми яхэплъэгъуэнутэкъым нобэ къалащхьэр зыгъэдахэ пхъэхуей лъэдий хужьхэр. Тхыгъэ жыжьэхэм къыщыхэмыщкIэ, ахэр Сыбыр лъэныкъуэмкIэ кърашауэ хуагъэфащэ. Дэнэ къикIами, ахэр зэуэ ди щIыпIэм и дуней щытыкIэм езэгъащ.



Иджыпсту ахэр щымащIэкъым ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, Дэшхуей хадэм, къалэм и лъэс зекIуапIэхэм, Абхъазымрэ ЗэгурыIуэныгъэмрэ я утыкухэм. Ди щыхьэрым и мызакъуэу, ахэр щыхасащ Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу къуажэхэм дэт зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэм ихъуреягъым. Пхъэхуей лъэдиихухэр щощIэращIэ, уеблэмэ Налшык къалэм и къыдыхьэпIэхэм, фэтэр куэду зэхэт унэ зэтетхэм я бжэIупэхэм. Ди коммунальнэ хозяйствэхэм я жыг гъэтIылъыгъэхэм увыпIэ хэха сыт щыгъуи щызыIыгъ пхъэхуейхэр зэрыхасэр, гу лъыф-тамэ, жыг зырызукъым, атIэ зыбжанэу зэхэтущ - ар хабзэу къокIуэкI, - жаIэ къалащхьэр щхъуантIагъэхэмкIэ зыгъэдахэхэм.

Хущхъуэгъуэу хэлъыр ауэ къэгъэнауэ, а жыгхэм уеплъын, я Iущащэ макъым ущIэдэIун къудейр куэд и уасэщ. Пхъэхуей жыг дахэшхуэ дыщрихьэлIауэ щытащ Къулъкъужын къуажэм, ЩоджэнцIыкIу Алий япэу щригъэджа еджапIэм (иужькIэ псэупIэ унэу ятыжат) и гупэкIэ иIэ джабэ лъахъшэ удзыпцIэм кIэрыту.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Жьынду

## Таурыхъи мытаурыхъи...

***(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№138, 141-хэм итщ).***

- Хэт сыт хуэдэ хэкIыпIэ илъагъурэ?- зыкъытриIэтыкIыурэ мыщэр къызэхуэсахэм яхоплъэ.

-...Мыст, ыыы, едывгъэхужьэж. Псори зэгъусэу мэзым дыщIэвгъэжи дывгъэгъащтэ, - жи аргъуейм, темыгушхуащэурэ.

- Апхуэдэу тщIэуэ сощIри, уэ сыту пIэрэт абы пхухэлъхьэнур?- щIогуфIыкI тхьэмадэр.

- Абы жиIэр пэжщ, едывгъэхужьэж, - жаIэ нэгъуэщIхэми.

- ЖыфIэм фегупсысрэ, цIыхухэм зэгуэр яхуэза къыфхэт фэ? Сэ сахуэзащ, мафIэ бзий къилъэту яIыгъ башхэри къыстехуащ. Хьэдрыхэ гъуэгущ ар. ПцIыщ. НэгъуэщI мэз дыIэпхъуа папщIэ, дапэщIэувэнукъым.

- ДыщIагъэхьэнукъым, - жи бажэ кIагуэм. - Сэ гъунэгъу мэзым Iэджэ щызэхэзгъэзэрыхьащ, ди мэзым къыбгъэдэкIыу сывгъэкIуауэ жысIэурэ. Абы ищIыIужкIэ, Мыщэжь, уи цIэкIэ щIыхуэ Iэджэ къыщысщтэри стыжатэкъыми, зэрымэзу ягу къытщыкIауэ жаIащ.

- Усчэтхъэнщи, бажэ фейцей, си нэ щIыбагъкIэ зепхьэхэр сыт?

- Сыт, си закъуэ уи нэ щIыбагъкIэ Iуэху зыщIэр? Адрейхэм заумысыжкъым армыхъу...

- Уи тIууалэр зэтепIи икI, уи унафэри дгъэгувэнкъым,- жеIэри мыщэм бажэр утыкум ирехуж.

- Зывмыущэху, жыфIэ фи Iуэху еплъыкIэ. Щхьэ фыщыс, зы щхьэкIэ мэзыр зехьа хъунукъым, фыпсэлъамэ, псоми зывогъэгубзыгъэ. Ааа, губзыгъэхэр дэнэ щыIэ езыр? Жьындухэр мыдэ фыкъэкIуатэт. КъыджефIэт фи Iуэху еплъыкIэр.

- Нэхъ цIыкIур къэвмыгъакIуэ, ар жьындукъым,- жиIэурэ нэхъыжьыр мыщэм бгъэдокIуатэ.

- Ягъэ кIынкъым, фыкъэкIуатэ тIури, хэт ищIэрэ...

- СщIэркъым, ди нэхъыжьыфI, сэ мы Iуэхум тэмэму сегупсысакъым, ауэ жэщ къэскIэ мэзым и Iэхэлъахэр зэщIызогъэхьэри, мэзыр цIыкIу зэрыхъур сэри солъагъу. Пэжщ, языныкъуэ щIыпIэхэм жыгыщIэ цIыкIухэр къыщокIыж, ауэ язынықъуэхэр нэщIыпсщ. Сызэгупсысари! А щIыIэнэщIхэм деж жыгыщIэ щыхэтсэжмэ, жылэ тхьыуэ щитпхъмэ, дауэ хъуну пIэрэ?

- ДащIэрыхьэнукъым, жьындууж, дащIэрыхьэнукъым, мохэр махуэ къэс къокIуатэ, жыгыр илъэс бжыгъэкIэ къокI.

- ЖьындуущIэм зыгуэр къыджиIэну, хьэмэ? - хуоплъэкI ар ауэ етIысэха жьынду шыр зэхэубэлэцэжам.

- Сэ къыхэслъхьэр къызэрыфщыхъунур сщIэркъым, ауэ, сызэреплъымкIэ, цIыхухэр мэзым къэшэжын хуейщ....

Абы жиIэр нимыгъэс щIыкIэ псэущхьэхэр къызэщIэващ, ар яфIэделагъэу.

- Фи жьэр зэтефпIэ, армыхъу мы башыр фи щхьэм техуэнщ, - ящIогубжьэ абыхэм тхьэмадэр. - Уэ умыщIэми тщIэркъым, ауэ дэ мэзым дыщIэзыхур цIыхухэращ, дауэ ахэр мэзым къызэрыпшэнур, зэрыпщIынури сыт?

- Зыри къывгурыIуакъым. Сэ зи гугъу сщIыр мэзфыщIхэракъым, ахэр нэгъуэщI цIыхущ. ЩыслъэгъуарисщIэжыркъым, ауэ сэ мэзыр фIыуэ зылъагъу цIыху слъэгъуауэ къысщохъуж. Ахэр мыбы къакIуэурэ щIэтт, зыщагъэпсэхурт, щыкъун къытхуахьырт...

- Бажэхэр яукIри я фэр трах, арагъэнт узыхуейри, - къыкъуопсэлъыкI бажэр жыг къуагъым.

- Хэт мыгъуэ уэ къуийм къыпхуейр, ари кIагуэ ухъужу, - дыгъужьым щыжиIэм, аргуэру дыхьэшх макъыр мэз уафэм из мэхъу.

- Хьэуэ, абыхэм зыри яукIыркъым, къапхъэным диубыдахэр къыдагъэкIыж, абгъуэм къихуа бзу шырхэр ирагъэтIысхьэж...

- Ааа, къэсщIаи уэ фэхъуэж ущIэхъуар, уэ уцIынэ цIыкIуу абгъуэм укъихуауэ цIыхуIэ къыплъэIэсащи ара! Фу, цIыхумэ! - жи жьындуужьым, и напщIэр хишурэ, телъыджэ и щыпэлъагъу хуэдэ.

- Хьэуэ!.. СщIэркъым сэ телъыджэ сыщIэхъуар, ауэ дэ сэбэп къытхуэхъуфынур цIыхухэм я закъуэщ. Сэ ахэр соцIыху, сытым хуэдэу гу къабзэ абыхэм я сабий цIыкIухэр. Абыхэм псэущхьэхэр фIы дыдэу дыкъалъагъу.

- Дауэ тIэ ахэр мэзым къызэрыпшэжынур? - фIэгъэщIэгъуэнщ мыщэжьым.

- ...Абы жиIэр пэжщ, уэлэхьи пэжым. Япэм, сэ сыщыцIыкIум, цIыхухэр ди ныбжьэгъуу щытащ, мэзыр фIыуэ ялъагъурт, си адэшхуэм жиIэжу щытащ, абыхэм ятеухуа хъыбар дахэ куэд, - къыдрешей къуаргъыжьым ерагъмыгъуейуэ. - Си адэм и адэжым мыпхуэдэ хъыбар иIэщ...

- Къуаргъ, нобэ хъыбар дедаIуэу дызэхэс хъунукъым. ХэкIыпIэ къэтлъыхъуэн хуейщ, пщIэIамэ къыджеIэ, - мыщэм щыжиIэм, къуаргъым зигъэгусэри лъэтэжащ.

- Къомыгъэзэжми хъунущ, - жеIэри зыгуэр кIэлъогие къуаргъыжьым. Ар зэхэзыха гупыр зэщIодыхьэшхэри, зэрызехьэн, щхьэж езым и Iуэху еплъыкIэ къыхилъхьэн щIадзэ.

- Зэ фыбэяу! ЖьындуущIэ, нэгъуэщI къыпомыщэнумэ, мыпхуэдэу дызэгурывгъаIуэ. Пщэдей хъуху пIалъэ фызотри, псэущхьэ лъэпкъ къэс фызохуосри, хэкIыпIэ къыволъыхъуэ. Тхьэмадэхэм пщэдей дыгъэ къухьэгъуэр зэхудипIалъэщ, - мыщэм унафэ ищIри, зэбгрыкIыжащ.

Пщэдджыжьымгузэвэгъуэкъыздихьатбзухьэгуагуэм и абгъуэр зытет жыгыр цIыхухэм пахри, и джэдыкIэ цIыкIухэр къещэщэхри къутат. Нэхъеижращи, езыми и дамэ лъэныкъуэри къутат, джэдыкIэхэр къригъэлын и гугъэу кIэлъыIэбэурэ. Ар убзэу куэдрэ ящхьэщытащ цIыхухэм, ауэ зыхащIыкIын дэнэ къэна, гу къылъатэххакъым е къафIэмыIуэхуарэ...

Ерагъыу мыщэм деж зи псэр нэзыхьэса бзухьэгуагуэ цIыкIум уIуплъэнри гужьеигъуэт.

- ЦIыхухэр лъэщрэ делэрэ къызгурыIуэркъым... Жьапщэм я нэхъ хуабжьым, щIымахуэ шылэм, бадзэуэгъуэм хуэмыгъэшынэ жыгыр, къэхъур къызгурымыIуэурэ, ягъэджэлащ. Ар лIыгъэкъэ-тIэ?! Ауэ абы бзууэ тесам ди унэр къутащ, ди шырхэр, джэдыкIэхэр, ди дунейр зэхакъутащ. Ар делагъэкъэ-тIэ?! - лъыпсыр къызыпыж дамэр гуэлэлу итщ тхьэмадэм и пащхьэм.

- ТIури яхузэхэту къыщIэкIынщ, хьэгуагуэ, тIури. ЦIыхухэр дэ къытхуейуэ си фIэщ хъуркъым, пэжым ухуеймэ. Ауэ апхуэдиз жыгым иращIэр къызгурыIуэркъым.

- Унэ ящI. Сэ слъэгъуащ цIыхухэм я унэхэр, абы жыг халъхьэ.

- Хьым, гъэщIэгъуэнщ... Ди унэр якъутэри, езыхэм унэ ящI... Дауэ уеплърэ, дэри унэ тхуащIу пIэрэ? ДифI къалъыхъуэу армырауэ пIэрэ мэзыр щIрахыр?

- УифI къэзылъыхъуэм уи унэ икъутэнукъым, уи шырхэм лей ярихынукъым. ИтIанэ, дэ абыхэм я унэхэм дыщыпсэуфынукъым. Ар мэзым ещхькъым, моуэ псэншэ гуэрщ.

- НтIэ, езы цIыхухэр щопсэури? Къуаргъым зэрыжиIэмкIэ, цIыхухэри зэгуэр мэзым щыпсэууэ щытащ, иужькIэ унэ ящIын щIадзащ армыхъу. Дэри армырауэ пIэрэ къытпэщылъыр?

- СыхьэткIэ сащхьэщытати, языхэз уафэмкIэ къэплъакъым. Ахэр куэд щIауэ уафэмкIэ плъэжыркъым... ИтIани ахэр дэ нэхърэ нэхъыфIу жаIэ. Мэзым хабзэ щIэлъщ, хабзэ гуэр... Пэжкъэ? Абыхэм...

- Сэ укъызогъэгугъэ мы Iуэхум кIэ гуэр еттыну!

Дыгъэ къухьэгъуэм, зэрызэгурыIуауэ, тхьэмадэм деж щызэхуэсащ, ауэ «гур зэрыжэм дыгъур ирожэ» - жыхуиIэращи, гузэвэгъуэр къалъэIэсакIэт. МафIэс къэхъури, мэз гупэмкIэ щыпсэухэр Iисраф зэтрищIат. Нэхъыбэу ар зылъэIэсар шыр цIыкIухэрат. Ахэр гъуэм, абгъуэм кърагэри, я анэхэр шхын лъыхъуэну ежьати, хэти къэмысыжурэ, хэти Iуэхур зытетыр къыгурымыIуэурэ, лей къалъысащ...

Псэущхьэхэм я щхьэр мыщэжьым ирахьэлIами, зэи хуэмыдэжу лъэбыцэжьыр хэплъэрт. Хэплъэми, хэкIыпIэ илъагъуртэкъым. Иджы хуэдэу абы зэи къаруунщэу зыщилъытэжа къэхъуатэкъым, а щытыкIэм ар нэхъри иригубжьырт.

- Зэи къэмыхъуауэ, гузэвэгъуэшхуэ къыттепсыхащ, си къуэшхэ, си шыпхъу цIыкIухэ. Зызумысыжынщи, слъагъуркъым хэкIыпIэ, къысхуэгупсысыркъым Iуэхум дызэрыпэлъэщыну Iэмал. Псэущхьэ акъыл зыпэмылъэщын гуэру къыщIэкIынщ мы дызыпэщIэувар. Си щхьэ щхьэкIэ сыгузавэркъым, мо нэхъыщIэхэращ, ахэр дауэ хъуну, ялъэгъуаи щымыIэу.

Мыпхуэдэу дывгъэщI. ЦIыхухэм теухуауэ хэт сыт ищIэми, къэфIуатэ, Тхьэ согъэпцI, дапэмылъэщынуми, фIырыфIкIэ зытедмыгъэкIуэн.

- Мыст..., хэтыт абы зэреджэр, мис а зэи къытхэмыхьэу цIыхухэм ягъэIэсауэ яхэса бзум?... НтIэ, бгъэ пэплъ. Мис абы куэд ещIэ, - зэкIэлъегъэпIащIэ бажэм.

Бгъэ пэплъыр лIыкIуэм и гъусэу къэсащ.

- Ди къуэш, зэи хуэмыдэу уи дэIэпыкъуныгъэ дыхуэныкъуэщ, уи чэнджэщ къыдэхьэлIэ. Уэ цIыхухэм я деж ущыпсэуащ, абыхэм я псэукIэр плъэгъуащи, къыджеIэ: сыт хуэдэ ахэр, нэхъыщхьэращи, сыт абыхэм псэущхьэхэм иращIэр? - мэлъаIуэ зеиншафэ къызытеуа мыщэр.

- ХьэкIэкхъуэкIэ фIэкIа имысу, щхьэж и абгъуэр хъаркIэ зэпрыхукIауэ щIыпIэ гуэрым сыщаIыгъащ. ЦIыхухэм сагъэшхащ, сызыхуей сыхуагъэзащ, ауэ дэ, хьэкIэкхъуэкIэхэр, дызэса хабзэ пыухыкIа ядэслъэгъуауэ схужыIэнукъым. Абыхэм яIэрыхьар псэущхьэу къанэркъым. Я бзэ яIурылъыжу, къызыхэкIахэм яхэлъа хьэл ящIэжу зы яхэткъым абыхэм, гъэжьэрымэ зыщыуа цIыху Iэгум яфIэфIыпсу йошхыкI армыхъу. ЦIыхухэр лъэщщ, абыхэм ди гъащIэр я IэмыщIэм илъщ, ауэ ахэри узыпэмылъэщын гуэркъым, тIасхъапIэ я куэдщ.

- ХэкIыпIэр сыт? КIыхь зумыгъэщI, кхъыIэ, си шырхэр гъуэм къизнащи, сопIащIэ икIи согузавэ, хэт ищIэрэ аргуэру..., - жи тхьэкIумэкIыхь анэм темыгушхуащэу.

- Тыншкъым фи Iуэхур. Мыпхуэдэу фщIы. МафIэм Iисраф зэтрищIахэр зэхуэфхьэси, цIыхухэр къыздэса мэз гупэм щивгъэтIылъыкI. Япэрауэ, абыхэм гу махэ дыдэхэр яхэтщ, хэт ищIэрэ, ягу къыфщIэгъункIи хъунщ, етIуанэрауэ, фырымэ къэумэ, лэжьэфынукъым. Абыи зэман къыфхудегъахуэ.

- Хэт и шыр етIуанэу теджагуэ уигъэщIынур? - и щхьэр къимыIэту жеIэ дыгъужьым.

- Къыдатынщ, дыгъужь, къыдамыту хъунукъым, сэ жысIауэ жыIи фысхуелъэIуж, - хьэлъэт мыщэм и псалъэр...

ЗэрызэгурыIуам хуэдэуи ящIащ. Къуршыбгъэр щыуатэкъым. Жыг пыхын щамыгъэтами, иджы цIыхухэм я лэжьэкIэр куэдкIэ нэхъ хуэм хъуат, арщхьэкIэ ахэр мэзым а къызэрыхэкIуатэт, псэущхьэхэм хэщIыныгъэ ягъуэтырт махуэ къэс. Къуршыбгъэм и чэнджэщкIэ мэзышхуэм псэущхьэу щIэсым я шырхэр зэхуашэсри, мэз лъапэм деж щрагъэтIысыкIат, ахэр зылъагъу цIыхухэм гущIэгъу зыхурагъэщIыну. КъахуэзыщIаи къыхэкIащ, ауэ псэууэ къаубыдаи щыIэт. АбыкIи цIыхухэр къащыхуэмыгъэувыIэм, щхъухь зэхэзылъхьэм и хъыбарыр зигу къагъэкIыжа мыщэм жьындуитIыр ириджащ.

- Жьынду, мэзыр докIуэд. Си щхьэ къегъэл бжесIэркъым, уи щхьэ зэрыпхуэхъумэжынум сыщыгъуазэщ, улъэтэжмэ, зэфIэкIащ. Арыншами зы бзу къыщIэнакъым. Ихъуреягъым зыплъыхьи, гужьеяуэ къытщыгугъ гупым зыгуэр къахуэдгъэгупсыс. Гъунэгъу мэзым доIэпхъуэри, мы слъагъухэр абыи нэсынущ. Гува-щIэхами Iэмал къэгупсысын хуейщ. Жьындухэр фызэрыIущыцэр хэт зымыщIэр?! Бажэр ди щыхьэту псалъэ узот, ар пхузэфIэкIмэ, мэзым и тхьэмадэ усщIыну, - жи мыщэм.

- Уий, уимылъ тхьэмадэ! Бажэ щыIэу дауэ тетыгъуэр бзум зэрептынур, Тхьэр согъэпцI сыщымыпсэун апхуэдэ мэз, - къоIэл бажэри жыжьэу IуокIуэт.

- Тхьэмадэ, уи тетыгъуэ кIыхь ухъу! Сэ си губзыгъагъэмрэ акъылыфIагъэмрэ я щыхьэт лей сыхуэныкъуэкъым, тетыгъуи пщыгъуи сыщIэхъуэпсыркъым. ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр щхьэхуитыныгъэращи, ар сиIэщ. Ауэ лъапсэрыхыр къытхуэзыгъакIуэми хуэзгъэгъунукъым. А Iуэхум зыкъом щIауэ яужь ситщ. Мыпхуэдэ гузэвэгъуэ слъагъуу нэгъуэщI мэз сыкIуэнри, сфIэикIагъэщ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж зы жьындуми ищIэнутэкъым апхуэдэ. Заул хъуауэ сакIэлъоплъ сэ цIыхухэм, я щэхухэр зызогъащIэ, ауэ дазэрытекIуэнур сщIэркъым зэкIэ. Зэман къызэт.

- ДиIэкъым, диIэмэ, плъагъуркъэ!

- Сэ сощIэ хэкIыпIэр, - къопсалъэ жьынду нэхъыщIэр.

- Сыт?! - зыжьэу къажьэдолъэт жьындуужьымрэ мыщэмрэ.

- Щхъухь дывгъэщI!

- Ыыы?

- Щхъухь дывгъэщI зо, щхъухь!

- ПэжжыIэ щхъухьи? СыткIэ дыхуей дэ абыхэм я пэж?

- Хьэуэ. Езы цIыхухэр зыгъэлIэну щхъухь!

- Уделэ уэ? Хэт тегушхуэнур цIыху иукIыну? - жи жьындум. - ЦIыхухэр....

- Сыт цIыхухэр?- и щхьэр хеш жьындунэпцIым.

- ЦIыхухэр цIыхущ! Ахэр губзыгъэщ, лъэщщ. Ухэт уэ, цIыхухэр бгъэлIэну?

- Езыхэм дапщэ тхагъэщIар?

- Щыгъэт, жьындууж цIыкIу, езыр Iус узмыщI щIыкIэ. НэгъуэщI хэкIыпIэ къэлъыхъуэн хуейщ. Нэ-гъуэ-щI! Зыщыгъэгъупщэ ар. Тхьэмадэ, сэ мурад гуэр сиIэщи, къызэхъулIэмэ, деплъынкъэ!

- Сыпщогугъ, жьындууж, хуабжьу сыпщогугъ. Си щхьэ сыщыгугъыжыркъым уэ сызэрыпщыгугъым хуэдэу, - жи мыщэм, хэплъэу.

Жэщ хъури мэзыр зэгъэжащ, ауэ япэрей мэзым ар зыкIи ещхьыжтэкъым. Абы щызэпэджэжыртэкъым цIынцIыр удэфауэ жейм емызэгъхэр, гъусэ къэзылъыхъуэ бажэхэр, бзу мыжейхэр. Даущыншэт. Щхьэж и пIэ изэгъэжри, зэщIэдэIукIыу тIысыжат, къэхъуным ежьэу, пыщхьэукъукIмэ, гужьеяуэ къэушыжу. Мэзым къыщIэна щIэблэ машIэри нэщхъейуэ къэхъурт, къэхъурт къэхъугъэм щымыгугъыу, зы жыг уэху, ажалыр лъэбакъуэкIэ нэхъ гъунэгъу хъуурэ.

Жьындуужьым къиублауэ ищIэрат: ар махуэкIэ жыггъауэхэм я гъунэгъу жыг гуэрым щетIысэхырти, джэрт. Жьындур гъунэгъу хъуамэ, лIэныгъэ къызэрыблагъэр, абы цIыхухэр зэригъэшынэ хабзэр ищIэрт, хузэфIэкIыр арати, махуэ къэс, емызэшу, джэрт. ИкIи, пэжым ухуеймэ, ар къыщыджэ лъэныкъуэмкIэ цIыхухэр кIуэртэкъым е апхуэдэу къыщыхъурт?..



**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
***(КъыкIэлъыкIуэнущ).***




● Хъыбар

# ХъуэжыкIафIэ

КЪУАЖЭ гуэрым зэшибл дэст, я нэхъыщIэм АнчокъукIэ еджэрт.

Зэшхэм гу зырыз яIэти, Анчокъу и гур игъэсыжащ, яжьэр къэпым ирикIутэри ирихьэжьащ. «Яжьэр хэт ищэхун?» - жари и къуэшхэр къыщыдыхьэшхащ Анчокъу.

Зы жылэ нэсри, хьэщIэщым ихьащ Анчокъу, яжьэ къэпыр плIанэпэм дигъэуващ. Iэнэ къизыхьа пщащэр хьэщIэщым щикIыжым, Анчокъу жиIащ:

- ПлIанэпэм дэзгъэува къэпым фимыплъэ: дыщэ илъщи, фиплъэмэ, яжьэ хъунущ. Сэ Iуэху блэкI сиIэщи, сежьэнурэ пщэдджыжь къэзгъэзэжынущ.

Ар жери, Анчокъу хьэщIэщым икIащ, ар щежьэм пщащэм и нысэр къигъэдэIуащ:

- Ди хьэщIэм и къэпым дигъаплъэ, - жери.

Пщащэмрэ нысэмрэ хьэщIэщым кIуащ, къэпыщхьэр итIатэри, пщащэр къэпым иплъащ: къэпым яжьэт илъыр.

- Ди щIалэ хьэщIэм пцIы къытхуиупсащ, - жаIащ пщащэмрэ нысэмрэ.

Я хьэщIэр къэсыжмэ, - плIанэпэм дигъэува къэпым и щхьэр тIэтащ.

- Хэт си къэпым и щхьэр зытIэтар, хэт къэпым иплъар?

- Сэращ, - зиумысыжащ пщащэм.

- Къэпым фиплъэ зэрымыхъунур вжесIатэкъэ? Къэпым фиплъэри, си дыщэр яжьэ фщIащ. - Унагъуэм яхыхьэри япиубыдащ: - Дыщэ къэпыр къызэфтыж.

Дыщэ къэп дэнэ кърахынт унагъуэм?

- Дыщэ къэп къызэвмытынумэ, фи пхъур къызэфт, - яжриIащ Анчокъу унагъуэм.

ФэфI къраплъати, я пхъур къратри, щIалэр къырагъэжьэжащ. И унэ ихьэжри, пщащэ дахэкIейр щалъагъум, Анчокъу и къуэшхэм я нэр къиихуащ.

- Пщащэр дэнэ къипха? - жари.

- Гур згъэсыжри, яжьэ къэп есхьэжьати, пщащэр абыкIэ къэсхъуэжащ, - жиIащ Анчокъу. - ХъуэжыкIафIэ сыхъуакъэ! Фэри фигухэр вгъэсыжи, яжьэр ефхьэжьэ: яжьэкIэ пщащэ къывэзыхъуэжын фыхуэзэнкIэ мэхъу.

Анчокъу и къуэшхэм ягухэр ягъэсыжри, яжьэр ирахьэжьащ, ауэ яжьэкIэ пщащэ къезыхъуэжын ирихьэлIакъым.

● Шхыныгъуэ

# Ху чыржын

Шыуаным ит шэ гъэпщтам хугу лъэсар хакIутэри, зэIащIэурэ, тхъурымбэри къытрахыурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафIэр мащIэ ящI, шыгъу хадзэри, бэлагъкIэ япщурэ ягъавэ, мырамысэ Iувым хуэдэ хъуху. Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, тепщэч мыулъий куум иралъхьэри, тIэкIу ягъэупщIыIу. ИтIанэ абы халъхьэ джэдыкIэ уда, тхъуцIынэ гъэткIуа. А псори IэкIэ япщ тхьэвым хуэдэу. Я Iэм дагъэ щахуэри, тхьэв пщам IэкIэ къыгуачыурэ чыржын ящI. Адрей чыржыныр зэрагъажьэм хуэдэу ягъажьэ, лъэныкъуитIымкIи тхъуэплъ хъуху. Чыржыныр шэ щIыIэм хапIытIэри яшх, кхъуей, шатэ дашх.

*Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):*
хугуу - г 400,
шэуэ - г 900,
джэдыкIэу - 2,
тхъуцIынэу - г 50,
шыгъуу, тебэщыхуэ тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**



● Псалъэжьхэр

# НэхъыщIэ нэхъ щIасэщ

**♦Жьы зэрымысым нэмыс илъкъым, щIэ зэрымысым насып илъкъым.**
**♦Нэм псэр зыщIешэ, гум гур къреджэ.**
**♦КъакIуэ псори благъэщ.**
**♦Закъуэныгъэ нэхърэ - Iэл къыбдис.**
**♦Унагъуэ зиIэм унагъуэ и пIалъэ ещIэ.**
**♦Зэдэшхэ IэфIщи, зэдэфI унэщ.**
**♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.**
**♦Нэм пэжыжьэми гум пэблагъэщ.**
**♦ЦIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ.**
**♦Уи анэ и Iэ илъым еплъи, уэ уи Iэ илъым едзакъэ.**
**♦Сабий щIэхъуэпсым гущэпс ед.**
**♦НэхъыщIэ нэхъ щIасэщ.**
**♦Хэгъэрей бзаджэ дэкIуатэ кIыхьщ.**
**♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**



● ГъэщIэгъуэнщ

# Уи нэгу зыщеужь

Индием зыгъэпсэхуакIуэ кIуэ дэтхэнэми япэ дыдэу аэропортым и нэм къыщыIуидзэнур а къэралым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрисырщ. Кашмир нэкъуэлэнхэм я деж щегъэжьауэ дравид фIыцIэхэм я деж щиухыжу, бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ псалъэрэ дин зэмыщхь зэрахьэу зы къэралым щыплъагъунур дэ дызэмысащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «индус дыдэт», е «индус теплъэ иIэт» жыхуэтIэр мыбыхэм я деж къыщыпхуэгъэсэбэпынукъым.

Лэжьыгъэ IуэхукIэ укIуами, уи нэгу зебгъэужьыну арами, индус ухуэзэрэ зэбгъэцIыхун хуей хъумэ, уи цIэ-унэцIэр зытет картэмкIэщ ар къызэрыщIэбдзэнур. Ахэр егъэлеяуэ гуапэхэщ, щабэхэщ, пщIэ къыпхуащIущ къызэрыббгъэдэтыр.

Турист зрагъэцIыхуамэ, Iэмал имыIэу къыщIоупщIэ къызыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным, и унагъуэм, и цIэм. Уи хъыбар яжепIэну яфIэфIщ, туристыр кIыхьу зытепсэлъыхьыжыну фIэмыфIыщэми. Ар егъэлеяуэ къыпщыхъун хуейкъым, къэралым щыпсэухэм я хьэлуращи, гуапэу уи Iуэху зытетыр яжепIэныр нэхъ къозэгъ, ар Индием и зы Iыхьэу жыпIэ хъунущ. Езыхэри кIыхьу къыпхутепсэлъыхьыфынущ я хэкум, лъэпкъ хабзэхэм, зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэхэм. Пагэу фахущымытмэ, сытри къыфхуащIэнущ.

Апхуэдэ гулъытэ къыпхуэзыщIа цIыхур хьэпшып цIыкIуфэкIукIэ бгъэгуфIэныр къезэгъыу къыщалъытэ а къэралым. УздикIам ипха гуэркIэ ухуэупсэмэ, и гуапэ хъунущ. Къалэхэм къэпкIухьу ущыдэтым деж сабий гуп зэрыIыгъ лъаIуэу къыббгъэдэлъэдэнкIэ хъунущ, абыхэм уахуемыплъэкIмэ, гулъытэ яхуумыщIмэ, занщIэу Iуожыж. Ари туристым ищIэн хуейщ.

Москва уикIыу Индием - Дели е Мумбаи - сыхьэтий хуэдизкIэ уолъатэ. Ауэ кхъухьлъатэ зэхъуэкI пщIыркъым, узэрытIысхьам абы ущикIыну аращ. Пэжщ, билетыр нэхъ пасэу къэпщэхумэ нэхъыфIщ, кхъухьлъатэм сыт щыгъуи изщи.

Дели, Мумбаи, Куалькуттэ цIыхуу дэсыр пхуэбжынкъым жыхуиIэм хуэдэу щыкуэдщ. Ахэр Iуву уэрамым ирокIуэ, автобусхэм исхэм, итхэм нэмыщI, кIэрыщIахэр гъунэжщ. Зы скутер цIыкIум цIыхуи 5 - 6 хъу зы унагъуэм зытрагъахуэ е цIыху 20 хуэдиз зыгу ису плъагъунщ, нэхъ хьэлэмэтращи, трамваищхьэхэм цIыху тесу къажыхь. Апхуэдэхэр пщIэншэу я Iуэху здэщыIэм кIуэуэ аращ. Экономикэ и лъэныкъуэкIэ Индиер зызыужьа къэралу къалъытэми, абы къулейсызыр щымащIэкъым. Ахэр къалэхэми дэсщ, къуажэхэми щыкуэдщ. А гупыр урамым щытеткIэ е автобус щискIэ зэрызэжьэхэуэми, зэрызэрыпIытIми зыми гу лъитэркъым. Ар къафIэIуэхукъым. Ауэ жэм ялъэгъуамэ, гъуэгур хуит хуащIынущ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **5**. Уэгум и ищхьэрэ лъэныкъуэмкIэ щыплъагъу вагъуэ гуп. **8**. Къазыхъум, гуэгушыхъум я бгъэм трищIэ пшэрыпIэ . **9**. ... лэныстэ. Е гъущI быдэ лъэпкъ. **11**. Псы къиуам кърихьэха пхъэкIэбжьэкIэ, жыг хуэдэхэр. **12**. Чыцэхэм хэс къуалэбзу цIыкIу, я дамэхэр кIэщIрэ щIагъуэу мылъэтэфу.

***Къехыу:*** **1**. Америкэм е Японием апхуэдэ транспорткIэ укIуэфынущ. **2**. Шатэ е тхъуцIынэ гъэвэжам къытрищIэ дагъэ. **4**. «Махуэр уейщи жьы зэпихум, хуарзэу уэсыр кърехьэкI, ... тафи къимыгъанэу, джэбын хужьыр кърешэкI» - ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ «ТекI бжэщхьэIум» щыщщ. **6**. Данэ щэкI пIащIэ. **7**. Зи щхьэц, набдзэ сытхэр гъуэ-хужьыфэ. **10**. Псы мыкуу. **13**. Дзыгъуэм фIыуэ илъагъу нартыху хъумапIэ. **14**. Анэм и быныр и ... и псэу елъагъу.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

**ЩэкIуэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хуабэ. **3**. ЯмыщI. **7**. Мэхъу. **8**. Ишх. **10**. Пхъэ. **12**. ЕщIэ. **13**. КIуащ. **16**. Джэд. **19**. Еуэ. **20**. Гъэр. **21**. ШкIэ. **23**. Щхьэ. **25**. Хамэ. **26**. Ихуэр.
***Къехыу:*** **2**. Бжьэ. **4**. Мэш. **5**. Сипхъу. **6**. Унэщ. **7**. Мэл. **9**. ХеIу. **11**. Напэм. **14**. ДекIур. **15**. Къуэш. **17**. Гугъэ. **18**. Трач. **22**. КIэм. **24**. Хьэху.



# Италием ди лъэпкъ Iуэху щызэрахьэ

**Италием и Неаполь къалэм щыIэ КъуэкIыпIэ университетым иджыблагъэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Профессор Гуидо Капелли къызэригъэпэщащ «Адыгэхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ» зи фIэщыгъэцIэ семинарыр.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ къуэкIыпIэм къыщагъэсэбэп бзэхэр щадж факультетым щIэс итальян студентхэр, зэкъуэш республикэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щыщу Италием и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэр.

Зи гугъу тщIы зэхыхьэм и фIыгъэкIэ Рим Адыгэ зэгухьэныгъэ къыщызэрагъэпэщащ. А Хасэм дяпэкIэ хыхьэ хъунущ зи гугъу тщIы къэралым щыпсэу, щы-лажьэ ди лъэпкъэгъухэр.

- ДяпэкIэ зэхыхьэ куэд едгъэкIуэкIыну ди мурадщ, ди лъэпкъыбзэр, хабзэр, щэнхабзэр хамэ щIыпIэхэм хъума щыхъуным ди гуащIэ хэтлъхьэнущ, - жиIащ Адыгейм щыщ, Италием илъэс 20 хъуауэ щыпсэу, щылажьэ Мерэтыкъуэ Мариет.

Абы къыхигъэщащ Италием и еджапIэ нэхъыщхьэ ехьэжьахэм ящыщ зым щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ сурэтыщI цIэрыIуэ Леонардо да Винчи и анэр къызыхэкIауэ къалъытэ лъэпкъым и бзэр яджыну, апхуэдэуи абы и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зрагъэцIыхуну жыджэру иужь зэрихьар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, итальян тхакIуэ, тхыдэдж, культуролог Неаполь щыIэ «L'Orientale» университетым и профессор, Леонардо и творчествэм нэхъыфI дыдэу хэзыщIыкIыу къалъытэ Вечче Карло и Iэдакъэ къыщIэкIа «Il Sorriso di Caterina» («Катеринэ и гуфIэкIэр») тхыдэ романым Леонардо цIыхушхуэм и анэр адыгэ уэркъ унагъуэм къызэрыхэкIар, ар Кавказым къыщадыгъуу, пщылIу зэращар къыщигъэлъэгъуащ. «Леонардо и анэр Шэрджэсым щыщ адыгэ пщащэт, къадыгъури, пщылIу ягъэлэжьэну зыбжанэрэ ящэжащ Константинополь къикIыу - Венецием, иужькIэ Флоренцием къэсыху. Флоренциеращ абырэ Леонардо и адэмрэ щызэхуэзар», - итхащ Вечче.

Профессорым Катеринэ теухуа хъыбарыр литературэбзэкIэ къиIуэтащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы къызэрилъытэмкIэ, а жанрым еджэнур куэдкIэ нэхъыбэщ. Пэж дыдэуи иджырей цIыхур зэрыхущIэмыхьэмрэ гъащIэр псынщIэу зэрыкIуэмрэ тепщIыхьмэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ иным еджэфынур мащIэ дыдэщ. Романым, лIыхъужь нэхъыщхьэхэр зыхэтым, Италием щекIуэкI псэукIэр къыщыгъэлъэгъуам, гурыщIэ, псэукIэ, зэхущытыкIэ, гъащIэ псо къызыхэщым, дауи, нэхъ еджэгъуафIэщ, дихьэхынури куэдщ. Ауэ Вечче иджыри къыпэщылъщ академическэ лэжьыгъэм етIысылIэну.

Леонардо и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмкIэ къэхутакIуэ, Флоренцием щыIэ музейм и унафэщIу щыта Галлуцци Паоло жиIащ Вечче Карло къигъуэтыжа дэфтэрхэр куэдым щыхьэт зэрытехъуэр. Абы и романым хэт лIыхъужьхэм куэд якIэрилъхьащ, «къигъэпсэуащ», ауэ лъабжьэр архив дэфтэрым тохуэ.

СурэтыщI цIэрыIуэм и анэм и гъащIэм и языныкъуэ Iыхьэхэм куэд щIауэ цIыхухэр щыгъуазэт. Абы и цIэр Катеринэщ, 1452 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м абы нэчыхьыншэу къуэ къыхуилъхуащ флорентийскэ нотариус Пьеро да Винчи. Сабийм Леонардо цIэуэ фIащауэ щытащ. А цIыкIур дунейм къызэрытехьар щытха тхылъымпIэр Винчи къалэм, Санта-Кроче члисэм, хъума щыхъуащ. Ар Флоренцием миль 30 хуэдизкIэ пэжыжьэ члисэ инщ.

Профессор Вечче къигъуэтыжа дэфтэрыр бзылъхугъэр пщылIыпIэм къызэрикIам теухуа актщ - «filia Jacobi eius schiava seu serva de partibus Circassie». Абы итщ Катеринэ зи цIэ адыгэ пщылIыр хуит зэращIыжыр.

Илъэс куэдкIэ сурэтыщIым и анэр хэтми къахуэщIакъым. Абы трамытхыхьарэ трамыжыIыхьарэ щыIэжкъым - языныкъуэхэм ябжырт Катеринэ тоскан мэкъумэшыщIэу, пасэу зеиншэ хъууэ и анэшхуэм ипIыжауэ, нэгъуэщIхэм жаIэрт абы журтылъ щIэту, китай къежьапIэ иIэу хуэзыгъэфащэхэри щыIэт.

Романым щелэжьым, Вечче Флоренцием и Къэрал архивым Iэрытх къыщигъуэтащ, Леонардо и адэм итхауэ, и Iэри щIэлъу. Ар 1452 гъэм и бжьыхьэм ятхат, а зэманым Леонардо да Винчи къызэралъхурэ мазих ирикъуауэ арат.

«А Iэрытхыр къыщысIэрыхьам, си нэм илъагъур си фIэщ хъуртэкъым, - яжриIащ Вечче журналистхэм. - Сэ зэи си фIэщ хъуртэкъым Леонардо и анэр хамэ къэрал къраша пщылIу. А дэфтэрхэм ит Катеринэр Леонардо и анэу щытынкIэ Iэмал имыIэу си гугъащ илъэс куэдкIэ, ар адрейхэм я фIэщ сщIынуи сыхэтащ. Ауэ иужькIэ къысIэрыхьа дэфтэрхэм шэч псори трагъэкIуэтри, Iуэхур зытетыр хьэкъыу спхыкIащ».

Дунейм къытехьа дэфтэрхэр Леонардо и анэм и къежьапIэм щыхьэт зэрытехъуэр щIэзыгъэбыдэ нэгъуэщI тхыдэ Iуэхугъуэхэри щыIэщ, ар сурэтыщIым и адэмрэ Катеринэрэ зэрызэрыцIыхуарщ.

«А лъэхъэнэм пщIылIыпIэм ит пщащэхэм Катеринэт зэреджэр, ауэ нотариус Пьеро и лэжьэгъуэ пIалъэ кIыхьым къриубыдэу а зы актращ итхар Катеринэ зи цIэ бзылъхугъэр щхьэхуит зэрыхъуам теухуауэ, - щыжиIащ газет гуэрым ирита интервьюм Вечче. - Дэфтэрым и Iэр щIэлъщ Катеринэ фIыуэ зылъэгъуа, абы и къуэм адэ хуэхъуа, хуитыныгъэ зригъэгъуэтынымкIэ къыдэIэпыкъуа лIым».

Зи гугъу тщIы адыгэ бзылъхугъэр иужькIэ, Бутти Антонио дэкIуэжри, Винчи пэмыжыжьэу псэуащ, сабиитхуи къилъхужащ - хъыджэбзиплIрэ зы щIалэрэ.

Катеринэ 1494 гъэм Милан щылIащ икIи и къуэ Леонардо щIилъхьэжащ.

Шэрджэсым укъыщалъхуу, уадыгъурэ гъэр уащIу Флоренцием укъыщыщIидзу, сурэтыщI цIэрыIуэ Леонардо да Винчи и анэ ухъуну... Сытыт ар адыгэ бзылъхугъэм и дежкIэ - насыпт хьэмэрэ насыпыншагъэт?! «Зыщ сэ хьэкъыу си фIэщ хъуар, - етх сурэтыщIым и анэм теухуа тхылъыр зи Iэдакъэщ1экIым, - Леонардо и анэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхилъхьащ, хуитыныгъэм хущIэкъуу псэууэ иригъэсащ».

Къыхэдгъэщынщи, Неаполь щыIэ КъуэкIыпIэ университетыр 1732 гъэм къызэIуахащ, ар факультетиплIу зэхэтщ. А зы университетращ Италием итыр мыевропей бзэхэмрэ щэнхабзэмрэ щаджу, дуней псом а Iуэхум щелэжь университетхэм ядэлажьэу.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**● Спорт хъыбархэр**

*Мас-рестлинг*

## УФ-м и командэ къыхэхам хагъэхьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, Урысей Федерацэм мас-рестлингымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Суздаль къалэм щекIуэкIащ. Я зэфIэкIхэр абы щагъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 22-м я спортсмен 300-м щIигъум.**

ДИ республикэм и командэ къыхэхам хэту зэпеуэм щыIащ ныбжьыщIэ 13 икIи абыхэм ящыщу Мэкъуауэ Силинэрэ Ало Андемыррэ дыщэ медалхэр къахьащ. Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щаубыдащ Джэрыджэ Айдэмыррэ Тау Миленэрэ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэр УФ-м и командэ къыхэхамрэ абы хагъэхьэну ягъэхьэзыр гупымрэ яхэхуащ.

Ди спортсменхэм я тренерщ Хьэгъэжей Алим, Ерыжокъуэ Салимэ, Бэджыдэ Рустам, Джэрыджэ Астемыр, Гъубж БетIал сымэ.



*БэнэкIэ хуит*

## Япэ увыпIэр къехь

**Ростов областым и Красный Сулин къалэм щIыналъэхэм бэнэкIэ хуитымкIэ иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм КъБР-м щыщ Прохладнэ къалэм и «Щхьэмыж» спорт еджапIэм и гъэсэн Тхьэзэплъ Къанщобий дыщэ медаль къыщихьащ.**

УТ Руслан и гъэсэным и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым щригъэкIуэкIа зэIущIэхэр и хьэрхуэрэгъухэм къафIихьащ, и Iэзагъ кIэ абыхэм фIыуэ ефIэкIыу.

**АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.**



**● УФСБ-м къет**

## Аргуэру къапэщIэхуащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экстремизмэм пэщIэтынымкIэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым къызэпаудащ илъэс 39-рэ зи ныбжь, Бахъсэн районым щыпсэум илэжь щIэпхъаджагъэр.**

НЭХЪАПЭКIЭ ар административнэ жэуапым ирашэлIат УФ-м и КоАП-м и 20.3. статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Мы гъэм и бадзэуэгъуэм къытригъэзэжри, абы социальнэ сетхэм язым щызэбгригъэхащ экстремизмэм къыхуезы-джэ тхыгъэхэр.

Урысейм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм яубыдам теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 282.4 статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ илэжьауэ. Абы кърикIуэу ар илъэси 4-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.625 • Заказыр №2634

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А